# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 मई 2025** **भोजपुरी समाचार**

सरकार पाकिस्तान प्रायोजित आतंकवाद के खिलाफ भारत क दृस्टिकोण प्रस्तुत कइले के उद्देस्य से सात बहुदलीय प्रतिनिधिमण्डल कई गो देसन में भेजि रहलि हौ। ई प्रतिनिधिमण्डल येह महिन्ना के आखीर में संयुक्त राष्ट्र सुरक्षा परिषद के सदस्यन के सथहीं प्रमुख साझेदार देसन क दौरा करिहें। येह प्रतिनिधिमण्डलन में कई गो राजनीतिक दलन क सांसद, प्रमुख राजनीतिक व्यक्तित्व अउर प्रतिस्ठित राजनयिक सामिल होइहें। येह बिच्चे, मीडिया से बातचीत में भाजपा सांसद रविशंकर प्रसाद कहलें कि ई पहल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के दूरदरसी सोच के दरसावे ला। उहां के कहलीं कि भारत क सामूहिक संकल्प दुनिया के आतंकवाद के खिलाफ एकजुट रहले के महातम के रेखांकित करी।

**********

रिटायर सीनियर लेफ्टिनेंट जनरल कनवल जीत सिंह ढिल्लो ससस्त्र बलन के ऑपरेसन सिंदूर बदे बधाई देत कहलें कि भारतीय ससस्त्र बल पाकिस्तान के कड़ेर जबाब दिहले हवें। उहां के आकाशवाणी संवाददाता से बतियावत ऑपरेशन सिंदूर क प्रसंसा कइली।

***जय हिंद देशवासियों, आज जब भारतवर्ष में यह प्रण किया कि हम अपनी भूमि पर आतंकवाद को बर्दाश्त नहीं करेंगे और ऑपरेशन सिंदूर के तहत पाकिस्तान में आतंकी ठिकानों को निशाना बनाया और फिर पाकिस्तान द्वारा लड़ाई को बढ़ावा देने के बाद उनके एयर बेसिस को बर्बाद किया। इस वक्त मैं वर्दी में नहीं हूं लेकिन दिल से मैं आज भी भारतवर्ष का एक सच्चा सिपाही हूं। देश का सैनिक होने के लिए वर्दी पहनना जरूरी नहीं है। दिल से देश के उज्ज्वल भविष्य की कामना होनी चाहिए। जय हिंद***

**********

भारतीय सेना के प्रति सम्मान अउर एकजुटता देखावे बदे प्रदेस भर में भारतीय शौर्य तिरंगा यात्रा क आयोजन चलि रहल हौ। येही क्रम में आजु केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी के अगुआई में महराजगंज जिला में ओही केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्य मंत्री कमलेश पासवान के अगुआई में गोरखपुर जिला में तिरंगा जतरा निकारल गइल। प्रदेस के फिरोजाबाद, बागपत गौतमबुद्धनगर अउर बलरामपुर जिलनों में भारतीय शौर्य तिरंगा यात्रा क आयोजन भइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु आयुष विभाग के कार क समीक्षा करत निरदेस दिहलें कि प्रदेस के हर मण्डल में एगो इंटीग्रेटेड आयुष महाविद्यालय क स्थापना कइल जाए, जेहमें आयुर्वेद अउर यूनानी होम्योपैथ के सथहीं आयुष के सज्जो पद्धतियन क सुविधा एक्के परिसर में उपलब्ध होखे। उहां के कहलीं कि ई कोसिस न त खाली आयुष चिकित्सा पद्धति के मजबूत करी बलुक भविस्य में स्वास्थ्य आधारित सिक्षा प्रणालियो के मजबूत बनाई।

***मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने कहा कि प्रदेश सरकार आयुष चिकित्सा पद्धति को जन–जन तक पहुंचाने के लिये मिशन मोड में कार्य कर रही है। उन्होंने निर्देश दिया कि सभी आयुष संस्थानों में नेचुरोपैथी और योग सेंटर की स्थापना अनिवार्य रूप से की जाय और सभी स्वीकृत शैक्षणिक और चिकित्सकीय पदों को समय से भरा जाय। उन्होंने हर जिलों में सरकारी या पीपीपी मोड में संचालित होने वाले हेल्थ एण्ड वेलनेश सेंटर शुरू करने पर जोर दिया है। मुख्यमंत्री ने अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के सफल आयोजन के लिये अभी से तैयारियां शुरू करने के निर्देश दिये। उन्होंने कहा कि प्रदेश के सभी मण्डलों, जनपदों, नगर निकायों, ग्राम पंचायतों और सरकारी विभागों में योग दिवस के कार्यक्रम आयोजित किये जाएं। इसके लिये प्रत्येक जनपद में प्रशिक्षित मास्टर ट्रेनरों की उपलब्धता सुनिश्चित किया जाए जो जन सामान्य को योग प्रशिक्षण दे सकें। समाचार कक्ष से मैं अरूण।***

**********

आजु विस्व उच्च रक्तचाप दिवस मनावल जा रहल हौ। एकर उद्देस्य उच्च रक्तचाप से जुड़ल खतरा के बारे में जागरूकता बढ़ावल अउर एहसे बचले के उपाई क परचार कइल हौ। येह बरिस क बिसय हौ– अपने रक्तचाप को सही तरीके से मापे, नियंत्रित करें और जीएं लंबा जीवन। येह मौका पर बनारस के बरेका के केन्द्रीय चिकित्सालय में महाप्रबंधक नरेश पाल सिंह अउर मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉ देवेश कुमार के अगुआई में नुक्कड़–नाटक के सथहीं कई गो जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल गइल।

**********

प्रदेस के कई जिलन में काल्हि संझा भइल आन्हीं–बरखा के बाद आजु भिन्नहियों गोरखपुर, कुशीनगर, देउरिया के सथहीं पूर्वांचल के कई जिलन में हल्लुकाहे बरखा भइल। हालांकि दुपहरिया में फेर से घाम निकरि गइल। मौसम विभाग आवे वाला तेइस मई ले पूरबी उत्तर प्रदेस के कई जिलन में गरज–चमकि के साथे हल्लुकाहे बरखा भइले क ओम्मेद जतवले हवे। ओहर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आन्हीं–बरखा अउर ओला गिरले के देखत सम्बन्धित जिलन के अधिकारियन के पुरहर तत्परता से राहति कार चलवले क निरदेस दिहले हवें। उहां के कहलीं कि अधिकारी क्षेत्र क भ्रमण कइ के सर्वे करें अउर राहति कार पर नजरि रक्खें। मुख्यमंत्री कहलें कि आकासीय बिजुली, आन्हीं, तूफान अउर बरखा से जनहानि अउर पसुहानि भइले के हालति में जुरते परभावितन के राहति रासि क वितरण सुनिस्चित कइल जाए।

**********